



Pou Piblikasyon Imedya: 04/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON DEVLOPMAN 76
INITE POU ITILIZASYON MIKS NAN ANBA LAVIL ROCHESTER**

*Alta Vista nan Pak St. Joseph transfòme ansyen teren vid la an devlopman lojman
nan pri abòdab ak espas pou evènman piblik*

*Apiye angajman Gouvènè Hochul pou ogmante apwovizyònman lojman atravè
New York*

*Swiv Prim revitalizasyon anba lavil 10 milyon dola Rochester a ak konpleman
"Finger Lakes Forward" – ki se estrateji konplè rejyon an pou revitalize kominote
yo epi devlope ekonomi an*

Reprezantasyon grafik yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke konstriksyon yon devlopman lojman pou itilizasyon miks, ki trè dirab, te kòmanse nan anba lavil Rochester. Bilding apatman Alta Vista tout elektrik la, ki sitiye akote Pak istorik St. Joseph, ap genyen 76 inite ak espas pou evènman piblik. Devlopman favorize objektif vil la pou reyalize yon anba lavil ki pi dinamik nan kad Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) Eta New York 10 milyon dola li a.

"Konbat rate lojman an vle di konstui epi prezève kay nan pri abòdab nan chak rejyon nan New York," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo devlopman sa apiye investisman kontini administrasyon mwen an pou revitalize anba lavil Rochester epi asire ke plis Nouyòkè gen yon kote estab, nan tout sekirite pou yo rele lakay yo."

Nan senk ane yo ki pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te kreye oswa prezève plis pase 3,800 lojman nan pri abòdab nan Rochester. Alta Vista nan Pak St. Joseph kontinye efò sa a epi konplete Plan Lojman konplè 25 milya dola Gouvènè Hochul la k ap kreye oswa prezève 100,000 kay nan pri abòdab atravè New York, ki enkli 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Alta Vista nan Pak St. Joseph ap konstui sou kat lo teren vid sou tout Ri Franklin, Pleasant ak Andrews nan anba lavil Rochester, ak nan zòn sib DRI vil la. Imèb sis etaj

la ap genyen 76 apatman ak 2,600 pye kare espas komèsyal ke Landmark Society of Western New York ap itilize pou pwogramasyon evènman piblik gratis ak okazyon prive espesyal ki lye ak Pak istorik St. Joseph la.

Tout 76 apatman yo ap nan pri abòdab pou fanmi k ap touche 80 pousan oswa mwens pase Revni Mwayen Zòn nan (Area Median Income, AMI). Ap genyen 14 apatman ki rezève pou fanmi ki sanzabri oswa ki gen risk pou vin sanzabri. Fanmi sa yo ap gen aksè nan sèvis sipò sou plas ak sibvansyon pou lwaye ki finanse atravè Inisyativ Lojman ki bay Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative) la epi Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) administre a. Founisè sèvis la se YWCA nan Konte Rochester ak Monroe.

Alta Vista nan Pak St. Joseph sipòte pa 570,000 dola ki soti nan Inisyativ Enèji Pwòp la (Clean Energy Initiative) pou atenn nivo dirabilite ak rediksyon kabòn ki pi wo toujou. Yo prevwa pou bilding tout elektrik la, ki dispoze de yon twati an pano solè, atenn objektif Sètifikasyon Mezon Pasif yo idantifye a ak Nouvo Pwogram Konstriksyon pou Plizyè Fanmi Energy Start la. Alta Vista ap resevwa lòt sètifikasyon pou Kay ki pare pou konsome zewo enèji nèt (Net Zero Energy Ready Homes) Depatman Enèji a (Department of Energy) ak Indoor AirPlus, Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal la (Environmental Protection Agency).

Deyò bilding lan konpoze ak wòch ki menm jan ak miray sivivan ki antoure Legliz St. Joseph la epi gwo akad ki nan antre bilding la ap replike detay istorik legliz la.

Enstalasyon rezidansyèl yo ap genyen ladan yo, entènèt wo debi ak Wi-Fi, yon sal lesiv, yon sal kominotè avèk kizin, plizyè salon, paking sou plas, estokaj pou lokatè, yon lakou deyò, ak yon zòn jwèt pou timoun.

Devlopè pwojè a se Ibero-American Development Corporation (IADC). Edgemere Development, Inc. se devlopè konsiltan an.

Finansman Eta a pou devlopman an genyen ladan l 16.5 milyon dola Kredi Enpo Federal ak Eta pou Lojman pou moun ki gen revni ki fèb ak 11.1 milyon dola sibvansyon ki soti nan HCR. OTDA (Biwo Asistans Tanporè ak Enfimite: Office of Temporary and Disability Assistance) te bay 2.6 milyon dola atravè Pwogram Asistans Lojman pou Sanzabri (Homeless Housing Assistance Program, HHAP). Yo te bay Alta Vista 1.2 milyon dola ki soti nan DRI epi yo te bay yon lòt 200,000 dola finansman DRI a pwojè Amelyorasyon Pak St. Joseph la.

Anplis, Community Preservation Corporation ap bay 1.3 milyon dola finansman pèmanan, epi vil Rochester te bay 1 dola nan fon HOME nan. Aetna/CVS Health se investisè kredi enpo CREA pou pwojè a.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Gouvènè Hochul ap investi nan devlopman tankou sa a, ki bay mezon nan pri abòdab pou Nouyòkè yo epi k ap kontribye nan distri anba lavil ki pi

vivan epi pi dinamik atravè eta a. Pou 76 fanmi ki abite nan Alta Vista yo, y ap benefisye de yon kay estab, yon anviwònman pou viv ki sen epi dirab, epi pwofite de aksè nan enstalasyon ki amelyore lavi pandan y ap abite akote Pak anblematik St. Joseph vil la. Nou rekonesan a Ibero-American Development Corporation, vil Rochester ak patnè ajans nou yo dèske yo kolabore nan devlopman inik sa.”

Sekretè Deta New York, Robert J. Rodriguez, te deklare, “Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la tèlman efikas akoch konplè li a ki konsidere tout fasèt nan jan yon anba lavil ki reyisi ta dwe ye. Resèt gayan pou ranfòse kominote atravè eta a dwe genyen ladan l, lojman, biznis, travay, ak lwazi, e pwojè Alta Vista a genyen tout bon engredyen yo. Sipò kontini Gouvènè Hochul pou pwogram sa rann evènman tankou jodi a posib pandan Rochester ap travay pou transfòme peyizaj anba lavil yo a.”

Komisè Adjwen Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape Eta New York la, Barbara C. Guinn, te deklare, "Investisman Pwogram Asistans Lojman pou Sanzabri a nan Alta Vista nan Pak St Joseph ap bay rezidan Konte Monroe ki sanzabri oswa ki gen risk pou vin sanzabri yo estabilite lojman alontèm ak aksè nan sèvis sipò sou plas ki enpòtan anpil k ap ede yo abòde pwoblèm ki asosye ki ka te kontribye nan ensekirite lojman yo. Nou rekonesan pou sipò solid Gouvènè Hochul nan Inisyativ Lojman ki Bay Sipò Empire State la dèske li se yon defansè enfatigab pou Nouyòkè ki sanzabri yo"

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Menm jan ak anpil rejyon, Rochester fè fas ak divès defi ki konplèks, ki genyen ladan yo rate lojman nan pri abòdab. 76 nouvo apatman abòdab sa yo ap ede soulaje chaj sa epi leve fanmi yo atravè kominote nou an. Mwen rekonesan a Gouvènè Hochul pou lidèchip ak angajman li pou sipòte fanmi Rochester yo, e mwen pa ka tann pou kontinye travay nou ansanm pou kreye opòtinite ak avni ki pi briyan pou chak moun ki rele kominote nou an lakay yo.”

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, “Alta Vista nan Pak St. Joseph vini nan moman pafè a pou ede soulaje kriz lojman nou an epi bay mezon bon kalite, nan pri abòdab a manm kominote nou yo ki pi bezwen l lan. Mwen vle remèsye Ibero-American Development Corporation ak tout moun ki te enplike nan poze baz lojman dirab, nan pri abòdab sa nan sant anba lavil Rochester.”

Manm Asanble Demond Meeks, te deklare, "Lojman abòdab, dekalite se youn nan nesesite ki pi bazik ke anpil nan rezidan nou yo te fòse viv san li. Bilding sis etaj Alta Vista a ap bay lojman ki fyab pou rezidan nou yo ak fanmi yo, epi ba yo aksè dirèk nan resous ak sèvis ki asire. Ak revitalizasyon katye nou yo, li enpòtan pou nou kontinye fè investisman ki enpòtan tankou sa yo ki leve manm ki defavorize nan kominote nou an. Mèsi a Alta Vista nan Pak St. Joseph, Community Preservation Corporation, ak Vil Rochester dèske yo fè pati pwojè ki pote transfòmasyon sa.”

Chèf Egzekitif Konte Monroe a, Adam Bello te deklare, "Pandan n ap inogire Alta Vista nan Pak St Joseph, nou p ap sèlman poze baz yon bilding, men yon avni ki pi briyan, pi enklizif pou Rochester. Pwojè sa enkòpore angajman nou nan lojman nan pri

abòdab, dirabilite ak revitalizasyon espas istorik nou renmen yo. Mèsi a Ibero-American Development Corp., eta New York, Gouvènè Kathy Hochul ak Vil Rochester dèske nou sipòte pwojè sa epi fè li vanse pou pi devan. Ansanm, n ap konstui plis pase kay; n ap konstui lespwa ak opòtinite pou rezidan nou yo ak jenerasyon alavni yo.”

Majistra Rochester, Malik D. Evans, te deklare, “Alta Vista nan St. Joseph Square se yon eleman enpòtan nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ki bay 76 nan Sant Vil nou an, ki fè avanse objektif Plan Aksyon Klimatik nou an, epi pote nouvo vitalite nan Pak istorik St. Joseph la. Lè li kontribye nan anviwònman viv-travay-jwe k ap devlope nan Anba Lavil Rochester a, Alta Vista nan Pak St. Joseph ak Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ap ede nou kreye yon Rochester ki pi sekirize, ekitab, epi pwospè, k ap enspire lespwa epi devlope opòtinite pou chak moun epi mwen vle remèsye Gouv. Kathy Hochul, Komisè RuthAnne Visnaukas nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote New Yor, ekip Ibero American Development Corp., ak anpil patnè nou yo nan pwojè sa, dèske yo fè investisman sa nan vil nou an.”

Vis Prezidan Egzekitif IADC, Eugenio Marlin, te deklare, “IADC fyè anpil pou patwone Alta Vista nan Pak St. Joseph ki abòde prensipalman bezwen zòn nou an pou lojman dekalite epi nan pri ki abòdab. Pwojè sa se yon atou enpòtan nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Rochester a, epi kote li a se kle nan devlopman Bouk Enteryè Nò a alavni lè li fè pati yon pon ant Sant Vil la ak kominote ki akote yo nan nò li.”

Patnè ak Vis Prezidan Prensipal Devlopman Imobilye Edgemere Development, Inc., Chris Roland, te deklare, “Nou kontan anpil pou wè pwojè sa ankou epi nou rekonesan pou patenarya piblik ak prive ki rann pwojè ki pote transfòmasyon sa posib. Edgemere fyè pou fè patenarya ak IADC yon lòt fwa ankò, epi pou wè pwogrè apre plizyè ane planifikasyon, depi apèl dòf Vil la pou sit la an 2019. Pwojè sa ap favorize transfòmasyon anba lavil Rochester, ranplase ansyen lo paking lan ak nouvo investisman pou itilizasyon miks la, epi amelyore koneksyon ant Pak St. Joseph ak katye nan nò yo.”

Vis Prezidan ak Responsab Ipotèk, Community Preservation Corporation, Miriam Zinter, te deklare, “Pwojè tankou Alta Vista nan Pak St Joseph demontre enpak investisman ki baze sou misyon yo ka genyen pou reponn a bezwen lojman inik nan yon kominote. Nouvo bilding tout elektrik sa ap bay lojman dekalite, nan pri abòdab, ansanm ak sèvis sipò k ap pèmèt rezidan yo jwenn estabilite yo bezwen an pou pwospere. Remèsiman mwen bay Ibero-American Development Corporation, Edgemere Development, ak YWCA, ak pou Gouvènè Hochul ak ekip li nan HCR ak OTDA pou angajman yo pou kreye yon New York ki pi abòdab, dirab, epi ekitab.”

Direktè Asosye Landmark Society of Western New York, Larry Franer te deklare, “Landmark Society kontan anpil pou fè patenarya ak Ibero–American Development Corporation nan pwojè Alta Vista nan Pak St. Joseph la. Enpak sou katye a ak sou St. Joseph, bèl pak iben nou an, p ap ka mezire. Avèk okipasyon Landmark prevwa de espas komèsyal la, nou gen entansyon devlope pwogramasyon nou an nan bèl

etablisman sa k ap atire plis vizitè nan anba lavil nou an epi kreye plis opòtinite toujou pou angajman kominotè.”

Prezidan nan Aetna, a CVS Health Company nan Rejyon Nòdès la, Jason

Tompkins, te deklare, "Estabilite lojman ak kapasite pou peye se faktè kle nan rezilta sante ki pozitif. Nou angaje pou investi nan kominote Rochester a epi reponn a bezwen moun ak fanmi yo lè nou ba yo resous ki valab k ap pèmèt yo atenn pi bon nivo sante. Envestisman sa nan Alta Vista ap ede asire gen opòtinite egal pou rezidan yo viv lavi an sante epi atenn potansyèl konplè yo.”

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodi a vin konplemante "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou investi nan endistri kle yo sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)